



Pou Piblikasyon Imedya: 31/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL NAN OKAZSYON NOUVÈL ANE LINÈ A

"Mwen fyè pou m patisipe nan kominote ki gen orijin Azyatik yo nan New York nan tradisyon konsakre a pou selebre Nouvèl Ane Linè a. 1ye fevriye se Jou Nouvèl Ane Linè a epi akeyi 2022 kòm Ane Tig, ki byen senbolize fòs ak rezistans Nouyòkè yo apre tout sa nou te fin andire nan ane pase a".

"Kominote Azyatik New York yo te depi lontan yon pati entegral nan siksè eta nou an epi jwe yon wòl enpòtan nan sa nou ye kòm Nouyòkè. Pandan n ap reflechi ansanm sou ane pase a, an nou gade devan avèk yon santiman espwa ak otimis. Reveyon Nouvèl Ane Linè a ak Jou Ane a se yon moman pou fanmi, reyinyon epi pou aksyon degras, epi mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou pataje bèl okazyon sa a avèk zanmi, vwazen ak pwòch Ameriken ki gen orijin Azyatik yo".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418